

Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 2.8 MILYON DOLA NAN PRIM SIBVANSYON YO
POU KONBAT PWOPAGASYON ESPÈS ANVAYISAN YO**

***Finansman an Ap Sipòte Pwogram Entèvansyon Rapid ak Kontwòl Espès
Anvayisan yo, Rechèch, Planifikasyon Jesyon Lak, ak Prevansyon Pwopagasyon
Espès Anvayisan Akwatik yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te bay plis pase 2.8 milyon dola nan sibvansyon bay 42 pwojè ki pral redwi enpak negatif espès anvayisan yo atravè kontwòl oswa aktivite pou retire yo, fè rechèch, ak prevansyon pwopagasyon yo. Sibvansyon sa yo fè pati Pwogram Sibvansyon pou Espès Anvayisan yo (Invasive Species Grant Program) nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a ki finanse pa Fon pou Pwoteksyon Anviwònmanal la (Environmental Protection Fund, EPF) nan Eta a.

"Eta New York ap mennen nan jesyon espès anvayisan yo pou asire ke anviwònman nou an rete dirab, an sante epi djanm", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Atravè efò konjwen yo ant patnè eta, kominote ak òganizasyonèl yo, nou ap devlope nouvo pwogram ak inisyativ pou konbat menas espès anvayisan yo ki ta ka andomaje kouch dlo New York yo, rekòt agrikòl yo, ak tèren forè presye yo."

"Antan ke yon moun ki ap viv tou pre rivaj Lake Erie a, mwen konnen enpòtans investisman ki ap kontinye yo nan efò ki ap fèt pou konbat epi pwoteje kont pwopagasyon espès anvayisan yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "New York se lakay yon pakèt bote natirèl, ki ap atire abitan menm jan ak vizitè yo. Nou vle asire ke nou ap pwoteje anviwònman nou an epi ke forè, lak ak rivyè nou yo sekirize pou jenerasyon fiti yo."

Atravè Eta a, DEC ap itilize syans pou detèmine ki mezi ki pral gen pi gwo enpak nan kontwòl espès anvayisan yo. Pwojè ki te benefisyè yo klase an kat kategori:

- **594,464 dola** pou ywit pwojè Prevansyon Pwopagasyon Espès Anvayisan Akwatik yo pou deplwaye jesyonè anbakasyon yo pou fè enspeksyon volontè bato yo epi fè sansibilizasyon pou edike moun ki sou bato rekreyatif yo;
- **1,163,139 dola** pou 16 pwojè Entèvansyon Rapid ak Kontwòl Espès Anvayisan Akwatik ak Tèrès yo ki ap pwomouvwa pou yo retire espès anvayisan yo atravè pwosesis fizik ak mekanik pou retire yo, tretman chimik yo, ak liberasyon byokontwòl;
- **865,960 dola** pou 10 pwojè Rechèch sou Espès Anvayisan Akwatik ak Tèrès yo ki ap ede amelyore metodoloji kontwòl espès anvayisan yo; ak

- **233,899 dola** pou ywit pwojè Plan Jesyon Lak yo ki ap ede abòde koz ki asosye ak enfestasyon espès anvayisan akwatik yo epi bay kontèks pou kontwòl ak jesyon yo.

Prim yo pa rejyon se:

Rejyon Kapital

- **Lake George Association, Inc.:** 78,575 dola pou jesyon espès anvayisan akwatik yo nan Lake George Putnam ak Hague.
- **Rensselaer Polytechnic Institute:** 78,134 dola pou ARMOR, ki se yon nouvo zouti pou jere pwopagasyon espès anvayisan akwatik yo.
- **Komin Ballston:** 19,635 dola pou Plan Jesyon Ballston Lake.
- **Komin Lake Luzerne:** 13,000 dola pou Plan Jesyon Lake Luzerne.

New York Santral:

- **Cornell University:** 100,000 dola pou devlopman zouti DNA anviwònmantral yo pou deteksyon antipe plant akwatik *hydrilla verticillate* ki ekstrèmman anvayisan.
- **Onondaga Environmental Institute, Inc.:** 99,182 dola pou Pwogram Jesyon Anbakasyon New York Santral.
- **Distrik Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Konte Cortland:** 65,177 dola pou Pwojè Dekontaminasyon Bato "STOP the Invasion" Konte Cortland lan.
- **Otisco Lake Preservation Association:** 36,900 dola pou Pwogram Jesyon Anbakasyon Otisco Lake.
- **Research Foundation for SUNY Cortland:** 94,811 dola pou evalye menas vè ki ap vole ki ko-anvayisan yo nan Eta New York.

Finger Lakes:

- **Hobart and William Smith Colleges:** 100,000 dola pou konprann enpak Starry Stonewort sou ekosistèm Eta New York yo.
- **Rochester Institute of Technology:** 99,985 dola pou itilizasyon entelijans atifisyèl nan imajri vizyèl lari yo pou detekte senk espès plant anvayisan kle yo nan Eta New York.
- **Research Foundation for SUNY Brockport:** 85,577 dola pou dekouvèt ak kontwòl kilomèt-yon-minit (*Persicaria perfoliata*) nan Rejyon Lwès New York.
- **Cooperative Extension Association nan Konte Yates Eta New York:** 77,361 dola pou pwogram prevansyon espès anvayisan akwatik yo nan Keuka Lake.
- **Vil Canandaigua:** 76,281 dola pou prevansyon pwopagasyon espès anvayisan yo nan Canandaigua Lake ak Honeoye Lake atravè enspeksyon anbakasyon yo, edikasyon ak sansibilizasyon.
- **Komin Canandaigua:** 15,618 dola pou pwojè eradikasyon pis lanijè prich Barnes Gully yo
- **Komin Macedon:** 11,133 dola pou kontwòl espès anvayisan tèrès yo nan Canal Park.

Long Island:

- **Komin Southampton:** 74,999 dola pou retire espès anvayisan tèrès yo nan Riverside Park.

Mid-Hudson:

- **Groundwork Hudson Valley:** 100,000 dola pou Inisyativ Entèvansyon Rapid Yonkers Greenway.
- **Historic Hudson Valley:** 100,000 dola pou jesyon zèb pòslèn, zèb vèt Japonè, ak woze komen yo nan Philipsburg Manor.
- **Komin Rye:** 100,000 dola pou entèvansyon rapid ak kontwòl espès anvayisan yo.
- **Westchester Parks Foundation:** 58,109 dola pou plan jesyon lak Tibbetts Brook Park lan.
- **Teatown Lake Reservation, Inc.:** 53,050 dola pou sipèvizyon ak kontwòl espès anvayisan akwatik yo nan lak Teatown yo.
- **Vilaj Sleepy Hollow:** 36,818 dola pou pwogram entèvansyon rapid espès anvayisan yo nan DeVries Park.
- **Komin Fallsburg:** 15,000 dola pou Plan Jesyon Pleasure Lake.

Mid-Hudson/Vil New York:

- **New York New Jersey Trail Conference:** 100,000 dola pou ekip ki gen chen pou deteksyon entèvansyon rapid ak deteksyon antisipe yo nan Lower Hudson.
- **Research Foundation of CUNY nan non CUNY Advanced Science Research Center:** 100,000 dola pou karakterize patèn espasyotanporèl yo nan pye bwa anvayisan, ensèk anvayisan, ak pwodiksyon patojèn yo nan Lower Hudson Valley ak Vil New York.
- **Orange County Parks and Recreation:** 20,000 dola pou Plan Jesyon Pak nan Algonquin Park.

Mid-Hudson/Southern Tier/Rejyon Kapital:

- **Catskill Center for Conservation and Development:** 63,297 dola pou entèvansyon rapid ak kontwòl espès anvayisan yo nan Catskill an 2019.

Mohawk Valley:

- **Komin Caroga:** 60,989 dola pou Estasyon Dekontaminasyon Caroga a.
- **Otsego County Conservation Association, Inc.:** 40,341 dola pou pwogram entèvansyon rapid ak deteksyon antisipe espès anvayisan akwatik yo nan Konte Otsego.

Vil New York:

- **The Evergreens Cemetery Preservation Foundation:** 100,000 dola pou prevansyon espès anvayisan yo.
- **Governors Island Alliance, Inc.:** 100,000 dola pou retire fragmit anvayisan Governors Island yo.

- **Bronx River Alliance, Inc.:** 82,448 dola pou sa Yo Pi Chèche nan Bronx River - Eliminasyon Anvayisan yo.
- **Friends of Van Cortlandt Park:** 55,822 fpou etid rediksyon zèb renwe yo: itilizasyon koupi yo ak solarizasyon.

North Country:

- **Save The River:** 100,000 dola pou karakterize dirabilite abita inyoyid ak rekolonizasyon apre restorasyon dresenid nan pi ba Rivyè Grasse.
- **Paul Smith's College of Arts and Science:** 88,152 pou Wout Envazyon yo: devlopman modèl yo pou predi aktivite rekreyatif moun ki nan bato yo, distribisyon espès anvayisan akwatik yo, ak konektivite onivo tèren an pou enfòmè jesyon espès anvayisan akwatik yo atravè Eta New York.
- **Upper Saranac Foundation:** 68,075 dola pou Plan Jesyon Upper Saranac Lake lan.
- **Paul Smith's College of Arts and Science:** 49,056 dola pou efikasite jesyonè bato yo ak règleman Eta New York yo nan ranfòse adopsyon vizitè estrateji prevansyon espès anvayisan akwatik yo.
- **Raquette Lake Preservation Foundation, Inc.:** 25,500 dola pou derivasyon ak apwobasyon plan jesyon espès anvayisan lak yo.
- **Komin Chesterfield:** 14,580 dola pou Plan Jesyon Butternut Pond Lake.

Rejyon Lwès New York:

- **Chautauqua Lake Association, Inc.:** 100,000 dola pou travay prevansyon pwopagasyon ak sansibilizasyon pou espès anvayisan akwatik yo nan Chautauqua Lake.
- **Research Foundation for SUNY ki nan Buffalo State:** 99,858 dola pou entèvansyon rapid ak deteksyon antisipe fo rajè mens yo ak zèb vèt Japonè yo nan Rejyon Lwès New York.

"Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Fon pou Pwoteksyon Anviwònmanal Eta a te kenbe yo nivo rekò ki wo a 300 milyon dola, ak 13.3 milyon dola nan bidjè eta 2019-20 an ki elabore espesifikman pou envesti nan pwojè ak pwogram ki elabore pou limite pwopagasyon espès anvayisan yo atravè Eta a", **se sa Komisè DEC a Basil Seggos te deklare.** "Espès anvayisan yo se youn nan pi gwo menas pou byodivèsite Eta New York epi finansman sa a se jis dènye mezi konsiderab ke New York ap pran pou redwi epi anpeche pwopagasyon yo."

An plis de finansman, Eta New York te fòme yon plan atak global pou anpeche pwopagasyon espès anvayisan yo. Règleman DEC Eta a yo entèdi bato ak ekipman yo antre oswa kite espas lansman DEC yo san ke yo pa seche epi pwòpte anvan sa. Moun ki sou bato yo ta dwe pran prekosyon - "[Clean, Drain and Dry](#)" - anvan yo lanse yon anbakasyon oswa platfòm ki ap flote nan dlo piblik yo.

Resamman, Eta New York te ouvri [estasyon enspeksyon ak dekontaminasyon bato ki pi avanse nan eta a](#) nan Sant Akèy Adirondacks ki te konplete resamman an nan Interstate 87 nan Queensbury, Konte Warren. Pwogram Prevansyon Espès Anvayisan Akwatik Adirondack (Adirondack Aquatic Invasive Species Prevention Program) DEC

yo te fè prèske 100,000 enspeksyon bato pou entèsepte plis pase 4,600 ensidan espès anvayisan yo an 2018.

New York ap pran yon apwòch estratejik, an kolaborasyon ak patnè san bi likratif, akademik, ak minisipal yo, nan amelyorasyon kalite dlo yo, pwoteksyon bèt sovaj yo, epi bloke pwopagasyon espès anvayisan yo nan tout kouch dlo yo, ansanm ak yon kanpay piblik pou atire atansyon popilasyon an sou nesesitye pou anpeche pwopagasyon espès anvayisan yo nan Lake George, Lake Champlain, ak atravè Eta a.

Komisè Agrikilti Eta a Richard A. Ball te deklare, "Pwoteksyon resous natirèl nou yo kontinye rete yon priyorite pou Gouvènè nou an, epi mwen fyè de apwòch global ak estratejik yo ke Eta a te pran pou konbat espès anvayisan yo. Sibvansyon sa yo pral pèmèt patnè nou yo ki atravè Eta a reyalize pwojè ki ap efektivman fè rechèch, kontwòle epi retire espès anvayisan yo, sa ki ap ede pwoteje kouran dlo nou yo, rekòt ak pye bwa nou yo kont pès danjere sa yo".

Senatè Todd Kaminsky, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmanal Sena a (Senate Environmental Conservation Committee), te deklare, "Li esansyèl pou nou konbat pwopagasyon espès anvayisan yo epi nou bezwen yon envestisman konsiderab pou kapab fè sa. Nou fyè pou nou fè patenarya ak Gouvènè Cuomo pou finanse pwogram entèvanyon rapid ak kontwòl yo pou bloke pwopagasyon espès anvayisan yo epi pwoteje trezò natirèl presye, lokal nou yo".

Manm Asanble Steve Englebright, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmanal Asanble a (Assembly Environmental Conservation Committee) te deklare, "Espès plant ak zannimo anvayisan yo se yon menas konsiderab pou byodivèsite remakab New York ki gen potansyèl pou yo gravman afekte forè nou yo, ansanm ak ekonomi agrikòl ak touristik eta nou yo. Gouvènè Cuomo ta dwe jwenn aplodisman poutèt efò li ap fè yo pou fè vanse Pwogram Sibvansyon pou Espès Anvayisan yo ansanm ak rasanble ansanm patnè gouvènman, kominote ak sa ki san bi likratif sou plan lokal ak eta yo pou konbat espès anvayisan yo".

[Pwogram Sibvansyon pou Espès Anvayisan yo](#) administre pa [Biwo pou Espès Anvayisan ak Ekosistèm Sante a \(Bureau of Invasive Species and Ecosystem Health\)](#) ki nan Divizyon Tèren ak Forè (Division of Lands and Forests) DEC a. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite sit entènèt DEC a nan <https://www.dec.ny.gov/animals/265.html>.

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)